

Konprann Plan Medicare Advantage yo



Ti liv ofisyèl gouvènman sa di ou:

- Kijan Plan Medicare Advantage yo diferan de Original Medicare
- Kijan Plan Medicare Advantage yo fonksyone
- Kijan ou kapab rantre nan yon Plan Medicare Advantage



“Konprann Plan Medicare Advantage” se pa yon dokiman legal. Gid legal sou Pwogram Ofisyèl Medicare la enkli nan lwa, règlemantasyon ak règleman ki aplikab yo.

Enfòmasyon ki nan manyèl sa a dekri Pwogram Medicare la nan moman nou te enprime manyèl sa a. Kapab gen kèk chanjman apre enpresyon an. Ale sou [Medicare.gov](https://www.Medicare.gov), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w ka jwenn enfòmasyon ki pi aktyèl yo. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Kontni



Entwodiksyon.	4
Ki diferans ki genyen ant Original Medicare ak Medicare Advantage? . . .	5
Kisa Plan Medicare Advantage yo ye?.	9
Kijan Plan Medicare Advantage yo mache?	9
Kisa Plan Medicare Advantage yo kouvri?	9
Konbyen kòb m'ap peye?	10
Kiyès ki kapab enskri pou Plan Medicare Advantage?	12
Kilè mwen kapab enskri, chanje, oswa kite Plan Medicare Advantage la? . . .	12
Kijan mwen kapab enskri nan Plan Medicare Advantage?.	13
Kijan mwen kapab enskri nan Plan Medicare Advantage?.	14
Types of Medicare Advantage Plans.	15
Konpare Plan Medicare Advantage yo kòt a kòt	24
E si mwen genyen on polis Asirans Medicare Siplemanchè (Medigap)? . . .	25
Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?	26

Entwodiksyon



Lè w premye enskri nan Medicare epi pandan sèten peryòd nanane a, ou ka chwazi kijan pou w jwenn kouvèti asirans Medicare.

Genyen 2 fason pou w genyen Medicare:

- **Original Medicare** genyen ladan'l Medicare Part A (Asirans Lopital) ak Medicare Part B (Asirans Medikal) Si ou vle kouvèti medikaman, ou ka rantre nan yon lòt plan medikaman Medicare ki apa (Part D).
- **Medicare Advantage (ke yo konnen tou sou non "Part C")** se yon opsyon "konplè" pou Original Medicare. Plan sa yo se yon "pake" ki genyen ladan l Part A, Part B, epi dabitid Part D tou. Pifò plan yo ofri benefis siplemantè ke Original Medicare pa kouvri-tankou vizyon, tandè, dantè ak plis.

Desizyon ou pran pou plan sante Medicare-ou afekte kantite lajan ou peye pou asiran-la, ki sèvis ou jwenn, ki doktè ou ka itilize, ak kalite swen-ou.

Lè ou aprann chwa ou genyen pou asirans Medicare la, kijan ou ka jwenn èd nan men moun ou fè konfyans, epi konpare diferan plan yo kapab ede-ou konprann tout opsyon ki disponib pou-ou.

Ki diferans ki genyen ant Original Medicare ak Medicare Advantage?

Original Medicare

- Original Medicare gen ladan li Pati A Medicare (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal).
- Si ou vle kouvèti medikaman, ou ka rantre nan yon lòt plan medikaman Medicare ki apa (Part D).
- Pou ede w peye depans Original Medicare ak kòb pòch-ou (tankou 20% ko-asirans ou-a), ou kapab chwazi epi achte kouvèti asirans siplemantè.
- Ou ka itilize nenpòt ki doktè oswa lopital ki pran Medicare, nenpòt kote nan peyi Etazini.



Part A



Part B



Ou ka ajoute:



Part D



Ou ka ajoute tou:



Kouvèti asirans siplemantè



Sa gen ladan Asirans konplèmantè Medicare (Medigap). Oswa, ou ka itilize asirans nan men yon ansyen amplwayè oswa sendika, oswa Medicaid.

Medicare Advantage

(ke yo konnen tou sou non Part C)

- Medicare Advantage se yon altènativ "tout nan yon sèl" ak Original Medicare. Plan sa yo se yon "pake" ki genyen ladan l Part A, Part B, epi dabitid Part D tou.
- Plan yo kapab gen mwens depans pou peye nan pòch-ou ke Original Medicare.
- Nan anpil ka, ou pral bezwen sèvi ak doktè ki nan rezo plan an.
- Pifò plan yo ofri benefis siplemantè ke Original Medicare pa kouvri — tankou vizyon, tande, dantè ak lòt ankò.



Part A



Part B



Pifò plan yo gen ladan yo



Part D



Benefis siplemantè

Kèk plan enkli tou:



Pri pi ba pou peye nan pòch-ou

Original Medicare vs. Medicare Advantage

Chwa doktè ak lopital

Original Medicare	Medicare Advantage
Ou kapab ale kay nenpòt ki doktè oswa lopital ki pran Medicare, nenpòt kote nan peyi Etazini.	Nan anpil ka, w ap bezwen itilize doktè ak lòt founisè yo ki nan rezo plan an ak zòn sèvis pou depans ki pi ba yo. Gen kèk plan ki p ap kouvri sèvis founisè yo andeyò rezo plan an ak zòn sèvis la.
Nan pifò ka yo, ou pa bezwen yon referans pou wè yon espesyalis.	Ou ka bezwen jwenn yon referans pou wè yon espesyalis.

Depans

Original Medicare	Medicare Advantage
Pou sèvis ki kouvri avèk Part B yo, anjeneral ou peye 20% kantite lajan Medicare apwouve-a apre ou fin depase dediktib ou-a. Yo rele sa ko-asirans.	Kantite lajan ou peye nan pòch-ou varye — plan yo kapab genyen depans ke ou dwe peye nan pòch-ou ki pi ba pou sèten sèvis.
Ou peye on primn (peman chak mwa) pou Part B a . Si ou chwazi rantre nan plan pou medikaman Medicare (Part D), w ap peye prim sa apa.	Ou dwe peye prim plan an anplis prim Part B chak mwa a. (Pifò plan gen ladan kouvèti medikaman (Part D).) Plan yo ka gen yon prim \$ 0 oswa ka ede peye tout oswa yon pati nan prim Part B ou-a.
Pa genyen okenn limit anyèl sou sa ou peye nan pòch ou, sof si ou gen pwoteksyon siplemantè— tankou Asirans Siplemantè Medicare (Medigap).	Plan yo genyen yon limit anyèl sou sa ou peye soti-nan-pòch pou sèvis ki kouvri atravè Part A ak Part B. Yon fwa ou rive nan limit plan ou-a, ou p ap peye anyen pou sèvis ki kouvri atravè Part A ak Part B pou tout rès ane-a.
Ou kapab genyen Medigap pou ede-ou peye rès depans ou dwe peye nan pòch-ou yo (tankou 20% koasirans ou). Oswa, ou ka itilize asirans nan men yon ansyen amplwayè oswa sendika, oswa Medicaid.	Ou pa kapab achte epi pa bezwen Medigap.





Original Medicare vs. Medicare Advantage (kontinye)

Kouvèti Asirans

Original Medicare	Medicare Advantage
Original Medicare kouvri pi fò sèvis medikal ak founiti ki nesèsè nan lopital, biwo doktè yo, ak lòt anviwònman swen sante. Original Medicare pa kouvri kèk benefis tankou egzamen je, pifò swen dantè ak egzamen woutin yo.	Plan yo dwe kouvri tout sèvis medikal ki nesèsè ke Original Medicare kouvri. Pifò nan plan yo ofri avantaj siplemantè ke Original Medicare pa kouvri -- tankou egzamen vizyon, tandè, dantè ak lòt ankò. Plan yo kapab kounye a kouvri plis nan benefis sa yo.
Ou kapab rantre nan yon plan asirans Medicare pou Medikaman (Part D) pou kapab jwenn asirans pou medikaman.	Kouvèti asirans medikaman (Part D) fè pati pifò plan yo. Nan pifò kalite Plan Medicare Advantage yo, ou pa bezwen rantre nan yon plan Medicare pou medikaman ki apa.
Nan pifò ka yo, yo pa bezwen apwouve davans yon sèvis oswa yon ekipman pou asirans Original Medicare kouvri li.	Nan kèk ka, yo bezwen apwouve davans yon sèvis oswa yon ekipman pou plan an ka kouvri li.

Vwayaje

Original Medicare	Medicare Advantage
Original Medicare jeneralman pa kouvri swen yo bay deyò peyi Etazini. Ou ka oblije achte yon polis Asirans Siplemantè Medicare (Medigap) ki kouvri swen yo bay deyò peyi Etazini.	Plan yo jeneralman pa kouvri andeyò peyi Etazini.



Plan Medicare Advantage yo

Kisa Plan Medicare Advantage yo ye?

Yon plan Medicare Advantage se yon lòt fason ou kapab jwenn kouvèti asirans Medicare Part A ak Part B. Plan Medicare Advantage yo, ke yo rele tou “Part C” se asirans ke konpayi prive yo ke Medicare apwouve ofri, epi konpayi sa yo dwe swiv règleman ke Medicare mete yo. Pifò Plan Medicare Advantage yo genyen ladan yo kouvèti medikaman (Part D). Genyen diferan kalite Plan Medicare Advantage (gade paj 15). Chak nan kalite Plan Medicare Advantage sa yo gen règ espesyal konsènan fason ou jwenn sèvis Paart A ak B Medicare kouvri ak benefis sipleman tè plan w lan.

Si ou rantre nan yon plan Medicare Advantage, w ap toujou gen Medicare men ou pral pwofite plis de kouvèti Part A ak Part B Medicare Advantage bay la, pa Original Medicare.

Ou dwe itilize kat la nan Plan Medicare Advantage ou a pou jwenn sèvis Medicare kouvri yo. Kenbe kat Medicare wouj, blan ak ble w la nan yon kote ki sekirite paske w ap bezwen li si ou ta tounen nan Original Medicare.

Kijan Plan Medicare Advantage yo mache?

Lè ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage, Medicare peye yon kantite lajan fiks pou kouvèti asirans-ou chak mwa bay konpayi ki ofri Plan Medicare Advantage ou an. Konpayi ki ofri plan Medicare Advantage yo dwe swiv règ Medicare etabli yo. Sepandan, chak Plan Medicare Advantage kapab chaje depans lajan nan pòch ki diferan epi gen règ diferan sou fason ou jwenn sèvis yo (tankou si ou bezwen yon referans pou wè yon espesyalis oswa si ou gen pou ale kay doktè, etablisman oswa founisè ki fè pati rezo plan an pou swen ki pa ijan oswa ki pa presan). Règ sa yo kapab chanje chak ane. Plan-an dwe fè w konnen nenpòt chanjman ki genyen anvan kòmansman pwochen ane enskripsyon-an.

Si ou rantre nan yon plan Medicare Advantage, ou pwal gen tout dwa ak pwoteksyon ke ou ta p genyen anba Original Medicare la.

Kisa Plan Medicare Advantage yo kouvri?

Plan Medicare Advantage yo kouvri prèske tout sèvis Part A ak Part B yo. Sepandan, si ou se nan yon plan Medicare Advantage, Original Medicare ap toujou kouvri depans pou swen ospis, kèk nouvo benefis Medicare, ak kèk depans pou etid rechèch klinik. Nan tout kalite plan Medicare Advantage yo, ou toujou kouvri pou swen ijans.

Kisa Plan Medicare Advantage yo kouvri? (kontinye)

Prescription drug coverage

Pifò Plan Medicare Advantage yo ofri kouvèti asirans, pou kèk bagay Original Medicare pa kouvri, tankou kèk pwogram vizyon, tandè, dantè ak kondisyònman fizik (tankou abònman pou sal espò oswa rabè). Plan yo genyen yon limit anyèl sou sa ou peye soti-nan-pòch pou sèvis ki kouvri atravè Part A ak Part B. Yon fwa ou rive nan limit plan sa a, ou p ap peye anyen pou sèvis ki kouvri atravè Part A ak Part B yo.

Yon Kouvèti Asirans medikaman Medicare (Part D)

Pifò Plan Medicare Advantage yo genyen ladan yo kouvèti asirans Medicare pou medikaman (Part D). Nan kèk kalite plan ki pa enkli asirans Medicare pou medikaman (tankou Plan Kont Epay Medikal ak kèk Plan ak Frè pou Sèvis Prive), ou ka rantre nan yon Plan Medicare separe pou Medikaman.

Sepandan, si ou rantre nan yon Òganizasyon pou Antretyen Sante oswa Òganizasyon Founisè Prefere ki pa kouvri medikaman yo, ou pa ka rantre nan yon plan Medicare pou medikaman ki separe. Gade paj 15-24 pou jwenn plis enfòmasyon.

Remak: Si w nan yon plan ki pa ofri kouvèti medikaman, epi ou pa gen yon Plan Medicare pou Medikaman, ou ka gen pou peye yon frè penalite pou enskripsyon anreta si ou deside rantre apre sa nan yon Plan Medicare pou Medikaman. Vizite [Medicare.gov/drug](https://www.Medicare.gov/drug) pou aprann plis sou penalite pou enskripsyon anreta nan Part D.

Konbyen kòb m'ap peye?

Chak ane, plan yo mete montan yo peye pou prim, dediktib, ak sèvis yo. Plan-an (olye de Medicare) deside konbyen lajan ou peye pou sèvis yo kouvri yo. Sa ou peye plan-an ka chanje sèlman yon fwa pa ane, nan 1 janvyè.

Ou dwe peye prim pou Part B a. An 2020, kantite prim estanda Part B a se \$144.60 (oswa pi wo tou depann de kantite revni-ou). Kèk moun ki gen benefis Sekirite Sosyal peye mwens (\$130 an mwayèn).

Lè ou kalkile depans ou peye nan pòch-ou nan yon plan Medicare Advantage, anplis de prim, dediktib, kopeman, ak ko-asirans, ou ta dwe konsidere tou:

- Kalite sèvis swen sante ou bezwen ak konbyen fwa ou jwenn yo.
- Si ou ale kay yon doktè oswa yon founisè ki aksepte plasman. Plasman vle di ke doktè-ou oswa founisè dakò (oswa lalwa egzije sa) pou aksepte kantite lajan Medicare apwouve kòm peman konplè pou sèvis Medicare kouvri.
- Si plan an ofri benefis anplis (anplis benefis Original Medicare) epi si ou bezwen peye anplis pou jwenn yo.
- Si ou gen Medicaid oswa jwenn èd nan men eta ou an atravè yon Pwogram Epay pou Medicare pou peye depans Medicare ou a.

Konbyen kòb m'ap peye? (kontinye)

Ki diferans ki genyen ant yon dediktib, koasirans, ak yon kopeman?

Dediktib—Kantite lajan ou dwe peye pou swen sante oswa pou preskripsyon yo, anvan Original Medicare, plan pou medikaman sou preskripsyon'w lan oswa lòt asirans ou-an kòmanse peye.

Koasirans—Se yon kantite lajan ou ka oblije peye kòm patisipasyon ou nan depans pou sèvis yo apre ou fin peye dediktib yo. Ko-asirans jeneralman se yon montan an pousantaj (pa egzanp, 20%).

Kopeman—Yon kantite lajan ou ka oblije peye kòm patisipasyon ou nan depans pou yon sèvis oswa yon pwodui medikal, tankou yon vizit kay doktè, vizit nan lopital pou pasyan ki pa entène oswa pou yon medikaman sou preskripsyon. Yon kopeman, nòmalman, se yon kantite lajan ki pa chanje, olye de yon pousantaj. Pa egzanp, ou ka peye \$10 oswa \$20 pou vizit kay doktè oswa pou yon medikaman sou preskripsyon.

Plis detay sou depans pou chak plan

Si ou rantre nan yon plan Medicare Advantage, revize avi yo ke plan ou-a voye ba-ou chak ane:

- **Avi sou Chanjman Chak Ane:** Gen ladan nenpòt chanjman nan pwoteksyon, depans, zòn sèvis, ak plis ankò ki pral efikas kòmanse nan mwa janvyè. Plan-ou a ap voye yon kopi enprime bò 30 septanm.
- **Prè sou Kouvèti Asirans:** Bay ou detay sou ki sa plan-an kouvri, konbyen lajan w'ap peye, ak plis ankò. Plan ou an pral voye yon avi ba-ou (oswa yon kopi enprime) bò 15 oktòb, ki pwal gen ladan enfòmasyon sou kijan pou jwenn aksè a Prè sou Kouvèti Asirans lan elektwonikman oswa mande yon kopi enprime.

Desizyon òganizasyon-an

Ou ka jwenn yon desizyon nan plan ou-an davans pou wè si plan-an kouvri yon sèvis, medikaman, oswa founiti. Ou ka jwenn tou konbyen ou pral oblije peye. **Se sa ki “desizyon òganizasyon-an”** Pafwa ou gen pou fè sa kòm otorizasyon davans pou plan w lan ka kouvri sèvis, medikaman oswa founiti a.

Ou menm, reprezantan-ou, oswa doktè-ou ka mande yon desizyon òganizasyon. Yon reprezantan se yon moun ou kapab nonmen pou ede w. Reprezantan w lan kapab yon manm fanmi, zanmi, defansè, avoka, konseye finansye, doktè oswa yon lòt moun ki pral pran desizyon nan non ou. Sou baz bezwen sante w lan, ou menm, reprezantan w lan oswa doktè w la kapab mande pou yon desizyon rapid sou demann detèminasyon òganizasyon w lan. Si plan-ou an refize ba w kouvèti asirans, plan-an dwe di w sa alekri, epi ou gen dwa pou w fè apèl.

Kiyès ki kapab enskri pou Plan Medicare Advantage?

Ou kapab enskri pou Plan Medicare Advantage la si:

- Ou kapab enskri pou Plan Medicare Advantage la si:
- Ou genyen Part A ak Part B.
- W'ap viv nan zòn sèvis plan-an.
- Ou se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ameriken, oswa ap viv legalman nan peyi Etazini.
- Ou pa genyen Estad Tèminal Maladi Ren (ESRD), eksepte jan sa eksplike nan paj 14.

E si mwen genyen yon lòt asirans?

Pale avèk anplwayè-ou, sendika, oswa lòt administratè benefis-ou yo sou règleman yo genyen anvan ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage. Nan kèk ka, si ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage, li posib ke ou toujou kapab sèvi ak asirans anplwayè'w oswa asirans sendika anvanm ak Plan Medicare Advantage oua. Nan lòt ka yo, si ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage, sa ka lakòz ou pèdi asirans anplwayè-w la oswa asirans sendika-a pou tèt-ou, mari oswa madanm-ou, ak depandan'w yo.

Kilè mwen kapab enskri, chanje, oswa kite Plan Medicare Advantage la?

Ou ka sèlman enskri, chanje, oswa kite yon Plan Medicare Advantage pandan peryòd enskripsyon ki anba-a:

- **Peryòd Enskripsyon Inisyèl**—Lè ou vin kalifye pou Medicare, ou ka enskri pandan peryòd enskripsyon inisyèl la. Sa se peryòd 7 mwa ki kòmanse 3 mwa anvan mwa ou genyen 65 an, enkli ladan' l mwa ke ou genyen 65 lane-a, epi li fini 3 mwa apre mwa ou genyen 65 lane-a.
Si ou enskri pandan 3 premye mwa Peryòd Enskripsyon Inisyèl ou-a, nan pifò ka yo, pwoteksyon-ou kòmanse premye jou mwa anivèsè ou-a. Sepandan, si anivèsè nesans ou se nan premye jou nan mwa-a, pwoteksyon ou ap kòmanse premye jou nan mwa anvan-an.
Si ou enskri nan mwa ou genyen 65 lanea oswa pandan 3 dènye mwa nan peryòd enskripsyon inisyèl ou-a, dat kouvèti asirans ou-a pwal retade.
- **Peryòd Enskripsyon Jeneral**—Si ou gen kouvèti asirans Part A epi ou genyen Part B la pou premye fwa pandan Peryòd Enskripsyon Jeneral la (ant 1 janvyè – 31 mas chak ane), ou ka tou rantre nan yon plan Medicare Advantage. Kouvèti asirans ou-a ka pa kòmanse jiska 1 jiyè.
- **Peryòd Enskripsyon**—Ant 15 oktòb – 7 desanm, nenpòt moun ki gen Medicare ka enskri, chanje, oswa kite yon Plan Medicare Advantage. Kouvèti asirans ou-a ap kòmanse 1ye janvyè, toutotan plan an fè demann ou-a avan 7 desanm.

Remak: Nan kèk sitiyasyon (tankou si ou chanje adrès), ou ka anmezi pou enskri, chanje, oswa kite yon plan nan lòt lè.

Kilè mwen kapab enskri, chanje, oswa kite Plan Medicare Advantage la? (kontinye)

Èske mwen kapab fè chanjman nan asirans mwen an apre 7 desanm?

Ant 1 janvye – 31 mas chak ane, ou ka fè chanjman sa yo pandan **Peryòd**

Enskripsyon pou Medicare Advantage:

- Si ou nan yon Plan Medicare Advantage (avèk oswa san asirans pou medikaman), ou ka chanje nan yon lòt Plan Medicare Advantage (avèk oswa san asirans pou medikaman).
- Ou ka kite Plan Medicare Advantage ou-a epi retounen nan Original Medicare. Ou kapab tou rantre nan yon Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon.

Pandan peryòd sa, ou **pa kapab**:

- Chanje soti nan Original Medicare pou yon Plan Medicare Advantage.
- Rantre nan yon Plan Medicare pou Medikaman osu Preskripsyon si ou nan Original Medicare.
- Chanje soti nan yon plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon a yon lòt si ou se nan Original Medicare.

Ou ka sèlman fè yon sèl chanjman pandan peryòd sa, epi nenpòt ki chanjman ou fè ap kòmanse premye nan mwa-a apre plan-an resevwa demann ou-a. Si w'ap retounen nan Original Medicare epi rantre nan yon plan pou medikaman, ou pa bezwen kontakte Plan Medicare Advantage ou-a pou anile enskripsyon an. Anilasyon enskripsyon-an pwal fèt otomatikman lè ou rantre nan plan dwòg la.

Remak: Si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage pandan peryòd inisyal enskripsyon-an, ou ka chanje pou yon lòt plan Medicare Advantage (avèk oswa san kouvèti pou medikaman) oswa tounen nan Original Medicare (avèk oswa san yon plan pou medikaman) nan 3 premye mwa ou genyen Medicare la.

E si mwen gen yon kondisyon ki egziste deja?

Ou ka rantre nan yon plan Medicare Advantage menm si ou gen yon kondisyon ki egziste deja, eksepte pou Estad Tèminal Maladi Ren (ESRD), ki gen règleman espesyal. Gade “Èske mwen kapab enskri pou Plan Medicare Advantage si mwen genyen Estad Tèminal Maladi Ren (ESRD)?” nan paj 14.

Kijan mwen kapab enskri nan Plan Medicare Advantage?

Se pa tout plan Medicare Advantage ki travay menm jan. Anvan ou enskri, ou ka jwenn epi konpare plan sante Medicare nan zòn-ou lè ou vizite [Medicare.gov/plancompare](https://www.medicare.gov/plancompare). Yon fwa ou konprann règleman plan-an ak depans yo, sèvi ak youn nan fason sa yo pou enskri:

Kilè mwen kapab enskri, chanje, oswa kite Plan Medicare Advantage la? (kontinye)

Ou ka sèlman fè yon sèl chanjman pandan peryòd sa, epi nenpòt ki chanjman ou fè ap kòmanse premye nan mwa-a apre plan-an resevwa demann ou-a. Si w'ap retounen nan Original Medicare epi rantre nan yon plan pou medikaman, ou pa bezwen kontakte Plan Medicare Advantage ou-a pou anile enskripsyon an. Anilasyon enskripsyon-an pwal fèt otomatikman lè ou rantre nan plan dwòg la.

Remak: Si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage pandan peryòd inisyal enskripsyon-an, ou ka chanje pou yon lòt plan Medicare Advantage (avèk oswa san kouvèti pou medikaman) oswa tounen nan Original Medicare (avèk oswa san yon plan pou medikaman) nan 3 premye mwa ou genyen Medicare la.

Kijan mwen kapab enskri nan Plan Medicare Advantage?

Se pa tout plan Medicare Advantage ki travay menm jan. Anvan ou enskri, ou ka jwenn epi konpare plan sante Medicare nan zòn-ou lè ou vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare). Yon fwa ou konprann règleman plan-an ak depans yo, sèvi ak youn nan fason sa yo pou enskri:

- Vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) epi chèche pa Kòd Postal pou jwenn yon plan. Ou kapab konekte pou genyen rezilta pèsonalize. Si ou gen kesyon sou yon plan an patikilye, seleksyone “Detay Plan yo” pou kapab jwenn enfòmasyon plan-an.
- Vizite sitwèb plan an pou wè si ou kapab enskri sou entènèt.
- Ranpli yon fòmilè enskripsyon sou papye. Kontakte plan-an pou jwenn yon fòmilè enskripsyon, ranpli li, epi retounen li nan plan-an. Tout plan yo dwe ofri opsyon sa-a.
- Rele plan an si ou vle enskri. Vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) pou jwenn enfòmasyon kontak plan w lan.
- Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Lè ou rantre nan yon plan Medicare Advantage, ou pwal oblije bay enfòmasyon sa a soti nan kat Medicare ou:

- Nimewo Medicare-Ou
- Dat kouvèti asirans Part A avèk/oswa Part B ou-a te kòmanse.

Sonje byen, lè ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage, nan pifò ka yo, ou dwe itilize kat Plan Medicare Advantage ou-a pou jwenn sèvis ke Medicare kouvri. Pou kèk sèvis, yo ka mande w pou montre kat Medicare wouj, blan ak ble ou-a.

Remak: Apati 2021, moun ki gen ESRD yo pral kapab rantre nan Plan Medicare Advantage san tout restriksyon sa yo.

Kalite Plan Medicare Advantage yo

Genyen diferan kalite Plan Medicare Advantage:

- Plan Òganizasyon pou Antretyen Sante (HMO): Gade nan paj 15–16.
- Plan Òganizasyon Founisè Prefere (PPO) Gade nan paj 17.
- Plan pou Frè Pou Sèvis Prive (PFFS): Gade nan paj 18-19.
- Plan pou Bezwen Espesyal yo (SNPs): Gade nan paj 20-21.
- Plan Kont Epay Medikal yo (MSA): Gade nan paj 22-23.

Zòn kote w'ap viv la kapab genyen tout, kèk ki disponib, oswa okenn nan kalite plan sa yo pa disponib. Anplis de sa, ka gen plizyè plan ki disponib nan zòn ou an nan menm kalite a, si konpayi prive chwazi yo ofri yo. Pou wè Plan Medicare Advantage ki disponib pou ou, vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) oswa ti liv Medicare & You.

Plan Òganizasyon pou Antretyen Sante (HMO)

Yon Plan Òganizasyon pou Antretyen Sante (HMO) se yon kalite Plan Medicare Advantage ki anjeneral bay kouvèti asirans swen sante nan men doktè, oswa lòt founisè swen sante, oswa lopital nan rezo plan-an, eksepte nan yon sitiyasyon ijans oswa swen ijan andeyò zòn lan, oswa dyaliz andeyò zòn lan). Yon rezo se yon gwoup doktè, lopital, ak enstalasyon medikal ki gen kontra avèk yon plan pou bay sèvis yo. Pifò HMO yo egzije tou pou ou jwenn yon referans nan men doktè premye swen-ou pou swen espesyalize, pou swen ou kowòdone.

Èske mwen ka resevwa swen sante nan men nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital?

Non. Anjeneral, ou dwe resevwa swen ak sèvis nan men doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital ki nan rezo plan an, (eksepte pou swen ijans, swen ijan andeyò zòn, oswa dyaliz andeyò zòn nan, ki kouvri si li fèt nan rezo plan an oswa andeyò rezo plan an). Sepandan, gen kèk plan HMO, ke yo konnen tankou plan Pwen Sèvis HMO (HMOPOS), ki ofri benefis andeyò rezo.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan Òganizasyon pou Antretyen Sante (HMO) (Kontinye)

Si ou jwenn swen sante andeyò rezo plan-an, ou ka oblije peye tout pri-a. Li enpòtan ke ou swiv règleman plan-an, tankou resevwa apwobasyon davans pou yon sèten sèvis lè sa nesesè. Nan pifò ka yo, ou bezwen chwazi yon doktè premye swen. Sèten sèvis, tankou mamogram anyèl tès depistaj, pa bezwen yon referans. Si doktè-ou oswa lòt founisè swen sante kite rezo plan-an, plan ou-a ap fè'w konnen. Ou ka chwazi yon lòt doktè nan rezo plan-an.

Plan HMO Point-of-Service (HMOPOS) yo se plan HMO ki **ka pèmèt ou jwenn kèk sèvis ki pa nan rezo-a pou yon pi gwo kopeman oswa koasirans**. Li enpòtan ke ou swiv règleman plan-an, tankou resevwa apwobasyon davans pou yon sèten sèvis lè sa nesesè.

Èske plan sa yo kouvri medikaman sou preskripsyon ?

Nan pifò ka, wi. Si ou vle kouvèti asirans Medicare pou medikaman, ou dwe rantre nan yon HMO ki ofri asirans pou medikaman. Si ou rantre nan yon HMO ki pa genyen kouvèti asirans medikaman, ou pa ka jwenn yon Plan Medicare pou Medikaman (Part D).

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan Òganizasyon Founisè Prefere (PPO)

Yon plan Òganizasyon Founisè Prefere (PPO) se yon Plan Medicare Advantage ki gen yon rezo doktè, espesyalis, lopital ak lòt founisè swen sante ou kapab itilize, men ou kapab itilize tou founisè andeyò rezo a pou sèvis ki kouvri yo, dabitid ki pi chè. Ou ka chwazi tou ale kay nenpòt doktè, espesyalis, oswa lopital ki pa sou lis plan-an (deyò-rezo), men anjeneral li pral koute plis. Paske sèten founisè yo “prefere” (kòm non-an sijere), ou ka ekonomize lajan lè ou sèvi avèk yo.

Èske mwen ka resevwa swen sante nan men nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital?

Wi. Plan PPO yo gen rezo doktè, espesyalis, lopital ak lòt founisè swen sante ou kapab itilize, men ou kapab itilize tou founisè andeyò rezo a pou sèvis ki kouvri yo, dabitid ki pi chè. Ou toujou kouvri pou ijans ak swen presan.

Si ou chwazi jwenn sèvis nan men yon founisè ki deyò rezo a, ou ka vle mande pou yon detèminasyon kouvèti davans nan plan PPO w la pou asire sèvis yo nesèsè medikalman epi plan w lan kouvri yo.

Èske plan sa yo kouvri medikaman sou preskripsyon ?

Nan pifò ka, wi. Si ou vle kouvèti asirans Medicare pou medikaman, ou dwe rantre nan yon plan PPO ki ofri asirans pou medikaman. Si ou rantre nan yon plan PPO ki pa genyen kouvèti asirans medikaman, ou pa ka rantre nan yon Plan Medicare pou Medikaman ki separe.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan pou Frè Pou Sèvis Prive (PFFS)

Yon Plan Frè pou Sèvis Prive (PFFS) se yon lòt kalite Plan Medicare Advantage ke yon konpayi asirans sante prive ofri. Yon plan PFFS pa menm jan ak Original Medicare oswa yon Sipleman Medicare (Medigap).

Èske mwen ka resevwa swen sante nan men nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital?

Ou ka ale kay nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital ke Medicare apwouve toutotan li aksepte kondisyon peman plan-an epi dakò trete ou. Si ou rantre nan yon plan PFFS ki gen yon rezo, ou ka tou wè nenpòt nan founisè rezo-a ki te dakò toujou trete manm plan-an. Ou ka chwazi tou yon doktè, lopital, oswa lòt founisè ki pa nan rezo-a, ki aksepte kondisyon plan-an, men ou ka peye plis.

Anvan ou jwenn nenpòt sèvis, mande doktè-ou oswa lopital si yo ka kontakte plan-an pou enfòmasyon sou peman ak aksepte kondisyon peman plan-an. Si ou bezwen swen dijans, plan-an kouvri li menm si founisè-a aksepte oswa pa aksepte kondisyon peman plan-an.

Si founisè swen sante ou-a dakò ak règleman ak kondisyon pou peye plan-an

Founisè-a dwe swiv règlemen ak kondisyon plan-an pou peman, ak voye bòdwo li bay plan-an pou sèvis li bay pou-ou. Sepandan, founisè-a ka deside nan chak vizit si li aksepte plan-an epi dakò trete-ou.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan pou Frè Pou Sèvis Prive (PFFS) (kontinye)

Si founisè swen sante ou-a pa dakò ak règleman ak kondisyon pou peye plan-an

Founisè-a pa ta dwe bay ou sèvis eksepte nan ka ijans, epi ou pwal bezwen jwenn yon lòt founisè ki pwal aksepte plan PFFS la.

Sepandan, si founisè a chwazi trete ou, lè sa a, yo kapab sèlman voye bòdwo ba ou pou depans pataje ke plan an pèmèt. Yo dwe voye bòdwo bay plan-an pou sèvis ou ki kouvri yo. Ou se sèlman oblije peye kopeman-an oswa koasirans ke plan-an pèmèt pou kalite sèvis ou jwenn nan moman sèvis la. Ou ka oblije peye yon kantite lajan anplis (jiska 15% plis) si plan an pèmèt founisè yo balanse “bòdwo” (lè yon founisè voye bòdwo ou pou diferans ki genyen ant chaj founisè a ak kantite lajan an pèmèt).

Èske plan sa yo kouvri medikaman sou preskripsyon ?

Pafwa. Si ou vle kouvèti Medicare pou medikaman doktè preskri, epi plan-an ofri li, ou dwe jwenn kouvèti pou medikaman ou nan plan sa.

Si plan PFFS ou a pa ofri kouvèti asirans pou medikaman, ou ka rantre nan yon Plan Medicare pou medikaman ki separe pou jwenn kouvèti.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan pou Bezwen Espesyal (SNPs)

Yon Plan Bezwen Espesyal (SNP) bay benefis ak sèvis pou moun ki gen maladi espesifik, kèk bezwen swen sante, oswa revni ki limite. SNP yo adapte benefis yo, chwa founisè yo, ak lis medikaman ki kouvri yo (fòmilè) pou satisfè bezwen espesifik yo pi byen nan gwoup yo sèvi yo.

SNP yo swa se kalite plan HMO oswa PPO epi kouvri menm benefis Medicare Part A ak Part B ke tout Plan Medicare Advantage yo kouvri. Sepandan, SNP yo ta ka kouvri tou sèvis siplemantè ki prepare pou gwoup espesyal yo sèvi yo. Pa egzanp, si ou gen yon maladi grav oswa kwonik, tankou kansè oswa ensifizans kadyak kwonik epi ou bezwen rete nan lopital, yon SNP ka kouvri plis jou nan lopital la.

Ou ka kalifye pou yon SNP si w'ap viv nan zòn sèvis plan-an epi satisfè youn nan kondisyon sa yo:

- Ou gen yon maladi kwonik tankou yonn oswa plis nan maladi ki anba yo (ki rele tou **yon maladi kwonik SNP or C-SNP**):
 - Alkòl kwonik ak lòt depandans.
 - Maladi otoiminitè
 - Kansè (eksepte kondisyon pre-kansè)
 - Maladi kadyovaskilè
 - Ensifizans kadyak kwonik
 - Demans
 - Dyabèt mellitus
 - Maladi fwa nan faz tèminal
 - Maladi ren nan faz tèminal (ESRD) ki egzije dyaliz (nenpòt ki mòd dyaliz)
 - Maladi ematolojik grav
 - VIH/SIDA
 - Maladi kwonik nan poumon
 - Kondisyon sante mantal kwonik ak enfimite
 - Maladi newolojik
 - Konjesyon serebral

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan pou Bezwen Espesyal (SNPs) (kontinye)

- W'ap viv nan on enstitisyon (tankou on mézon rétrèt), oswa ou bezwen swen enfimye lakay-ou (**yo rele sa yon SNP Enstitisyonèl** oswa **I-SNP**).
- Ou gen Medicare ak Medicaid ansanm (sa rele yon **SNP ak Doub Kalifikasyon** oswa **D-SNP**).

Chak SNP limite manm li yo a moun ki nan yonn nan gwoup sa yo, oswa yon pati nan gwoup sa yo. Ou kapab rete enskri nan yon SNP sèlman si ou kontinye satisfè kondisyon espesyal plan-an.

Èske mwen ka resevwa swen sante nan men nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital?

Anjeneral, ou dwe resevwa swen ak sèvis nan men doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital ki nan rezo plan an (eksepte pou swen ijans, swen ijan andeyò zòn, oswa dyaliz andeyò zòn nan). Sepandan, si Plan Bezwen Espesyal ou an se yon PPO, lè sa a, ou dwe jwenn sèvis nan men founisè kalifye oswa lopital, men dabitid ki pi chè ke w t ap peye pou sèvis yon founisè nan rezo a.

Nan pifò ka yo, SNP yo ka mande pou ou gen yon doktè premye swen, oswa plan-an ka mande pou ou gen yon kowòdonatè swen pou ede ak swen sante-ou. Yon kowòdonatè swen se yon moun ki ede asire ke moun jwenn bon swen ak enfòmasyon. Pa egzanp, yon SNP pou moun ki gen dyabèt ta ka itilize yon kowòdonatè swen yo ede manm kontwole sik nan san yo epi yo swiv rejim alimantè yo.

SNP yo anjeneral gen espesyalis nan maladi oswa kondisyon ki afekte manm yo. Anjeneral, ou dwe jwenn swen ou ak sèvis nan men doktè oswa lopital nan rezo plan-an, eksepte:

- Lè w bezwen swen ijan oswa presan, tankou swen ou resevwa pou yon maladi oswa blesi ki vini toudenkou ki bezwen swen medikal touswit
- Si ou gen maladi ren nan faz tèminal (ESRD) epi ou bezwen dyaliz andeyò zòn nan

Èske plan sa yo kouvri medikaman sou preskripsyon ?

Tout SNP yo dwe bay kouvèti asirans Medicare pou medikaman.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan Kont Epay Medikal yo

Plan Kont Epay Medikal (MSA) konbine yon plan asirans ak dediktib wo ak yon kont epay medikal ke ou ka itilize pou peye pou depans swen sante-ou.

1. **Plan sante ak dediktib ki wo:** Premye pati nan yon plan MSA se yon kalite espesyal Plan asirans Medicare Advantage ak dediktib wo. Plan-an ap sèlman kòmanse kouvri depans-ou yon fwa ou depase on dediktib ki wo chak ane, ki varye dapre plan-an.
2. **Plan Kont Epay Medikal yo (MSA):** Dezyèm pati nan yon plan MSA se yon kalite espesyal kont epay. Plan MSA-a depoze lajan nan kont ou.

Yon fwa ou decide ki plan MSA ou vle, ou pwal bezwen kontakte plan-an pou enfòmasyon sou enskripsyon ak kòman pou rantre nan plan-an. Yon fwa ke ou enskri, plan-an ap di'w kijan pou li tabli kont ou avèk yon bank ke plan an te chwazi. Ou dwe mete kanpe kont sa anvan plan-an kapab trete enskripsyon-ou. Apre ou resevwa yon lèt nan plan-an ki di'w lè kouvèti asirans la kòmanse:

1. Medicare bay plan-an yon kantite lajan chak ane pou swen sante-ou.
2. Plan-an depoze lajan nan kont-ou pou-ou. Ou pa kapab depoze pwòp lajan-ou.
3. Ou ka itilize lajan-an nan kont ou yo peye depans swen sante-ou, ki gen ladan depans swen sante ki pa kouvri pa Medicare. Lè ou sèvi ak lajan kont pou sèvis ke Medicare Part A ak Part B kouvri, li konte nan direksyon pou dediktib plan ou-an.
4. Si ou itilize tout lajan nan kont ou-an epi ou gen depans swen sante adisyonèl, ou pral gen pou peye pou sèvis Medicare kouvri ak kòb nan pòch ou jiskaske ou rive nan dediktib plan ou-an.
5. Pandan tan w ap peye ak kòb nan pòch ou pou sèvis anvan ou depase dediktib la, doktè yo ak lòt founisè pa ka fè ou peye plis pase kantite lajan Medicare apwouve.
6. Apre ou fin touche dediktib ou a, plan ou pwal kouvri sèvis Medicare ki kouvri ou yo.
7. Lajan ki rete nan kont-ou lè ane a fini rete nan kont lan, epi yo ka itilize pou depans swen sante nan ane k'ap vini yo. Si ou rete ak menm plan MSA pou ane annapre-a, nouvo depo-a pwal ajoute lajan ki rete-a.

Kalite Plan Medicare Advantage (kontinye)

Plan MSA yo ak takx ou yo

Si ou itilize lajan nan kont-ou, ou dwe ranpli Fòmilè 8853 IRS la ak enfòmasyon sou kijan ou te itilize lajan kont ou lè ou ranpli taks.

Chak ane, ou ta dwe jwenn yon fòmilè 1099-SA nan bank ou ki gen ladan tout retrè yo nan kont-ou. Ou pwal bezwen montre ke ou te gen Depans Medikal Kalifye nan omwen kantite lajan sa , oswa ou ka gen pou peye taks ak penalite adisyonèl.

Pou yon lis sèvis ak pwodwi ki konte kòm depans medikal kalifye ak pou lòt enfòmasyon taks, vizite irs.gov/forms-pubs/about-publication-969 pou jwenn yon kopi gratis piblikasyon an # 969 IRS la pou ane a ke ou ap ranpli yo ka resevwa plis enfòmasyon sou fòmilè taks 8853.

Kontakte konseye finansye pèsònèl-ou (si ou gen yonn) pou konsèy pou konnen kijan chwazi yon plan MSA kapab afekte sityasyon finansye-ou.

Èske mwen ka resevwa swen sante nan men nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital?

Plan MSA yo jeneralman pa gen yon rezo founisè swen sante. Sepandan, ou kapab jwenn sèvis Medicare Part A ak Part B nan nenpòt founisè kalifye nan Etazini oswa teritwa Etazini yo.

Èske plan sa yo kouvri medikaman sou preskripsyon ?

Non. Si ou rantre nan yon plan Medicare MSA epi bezwen kouvèti asirans medikaman, ou dwe rantre nan yon Plan Medicare pou Medikaman ki separe.

Sepandan, si ou rantre nan yon plan MSA epi ou deja gen yon polis asirans Medigap ak kouvèti medikaman (kèk polis asirans ke yo vann anvan 1 janvye 2006, te gen kouvèti asirans pou medikaman), ou ka kontinye sèvi ak asirans sa pou peye pou kèk nan medikaman ou yo.

Konpare Plan Medicare Advantage yo kòt a kòt

Tablo ki anba-a montre enfòmasyon debaz sou chak kalite Plan Medicare Advantage.

	HMO	PPO	PFFS	SNP	MSA
Prim Èske mwen dwe peye yon prim chak mwa?	Wi Ou kapab oblije peye on prim anplis prim pou Part B a.	Wi Ou kapab oblije peye on prim anplis prim pou Part B a.	Wi Ou kapab oblije peye on prim anplis prim pou Part B a.	Wi Ou kapab oblije peye on prim anplis prim pou Part B a.	Non Ou pa genyen pou peye on prim chak mwa, men w'ap kontinye peye prim pou Part B a chak mwa.
Medikaman Èske plan-an ofri kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon?	Dabitid Si ou rantre nan yon HMO ki pa genyen kouvèti asirans medikaman, ou pa ka jwenn yon Plan Medicare pou Medikaman ki separe.	Dabitid Si ou rantre nan yon plan PPO ki pa genyen kouvèti asirans medikaman, ou pa ka jwenn yon Plan Medicare pou Medikaman ki separe.	Dabitid Si ou rantre nan yon plan PFFS ki pa genyen kouvèti asirans medikaman, ou ka jwenn yon Plan Medicare pou Medikaman.	Wi Tout SNP yo dwe bay kouvèti asirans Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon	Non Ou dwe rantre nan yon Plan Medicare pou Medikaman. Si ou deja gen yon polis asirans Medigap ki gen kouvèti asirans pou medikaman, ou ka kontinye itilize asirans sa a.
Founisè yo Èske mwen ka itilize nenpòt doktè oswa lopital ki aksepte Medicare pou sèvis ki kouvri yo?	Pafwa Anjeneral, ou dwe resevwa swen ak sèvis nan men doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital ki nan rezo plan an (eksepte pou swen ijans, swen ijan andeyò zòn, oswa dyaliz andeyò zòn nan). Nan yon HMOPOS ou ka anmezi pou jwenn kèk sèvis ki pa nan rezo a pou yon kopeman oswa koasirans ki pi wo.	Wi Chak plan gen yon rezo doktè, lopital, ak lòt founisè ke ou kapab konsilte. Ou ka soti nan rezo founisè plan-an tou, men depans ou ka pi wo.	Wi Ou ka ale kay nenpòt doktè, lòt founisè swen sante, oswa lopital ke Medicare apwouve toutotan li aksepte kondisyon peman plan-an epi dakò trete ou. Si plan an gen yon rezo, ou ka itilize nenpòt nan founisè rezo yo (si ou ale nan yon founisè ki pa nan rezo ki aksepte kondisyon plan an, ou ka peye plis).	Pafwa Anjeneral, ou dwe jwenn swen ak sèvis nan men doktè oswa lopital ki nan rezo SNP (eksepte swen ijan, oswa si ou bezwen dyaliz andeyò zòn nan). Sepandan, si SNP ou a se yon PPO, ou ka jwenn sèvis Medicare kouvri andeyò rezo a.	Wi Plan MSA yo jeneralman pa gen founisè nan rezo a. Ou ka ale nan nenpòt founisè Medicare apwouve pou jwenn sèvis Original Medicare kouvri.
Referans Èske mwen bezwen yon referans nan men doktè mwen yo pou mwen wè yon espesyalis?	Wi	Non	Petèt Plan yo kapab varye.	Petèt	Non

E si mwen genyen on polis Asirans Medicare Siplemanè (Medigap)?

Si ou gen yon Medigap epi ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage, ou ka vle kite Medigap la. Ou pa ka itilize Medigap pou w peye kopeman, dediktib ak prim Plan Medicare Advantage ou a paske Plan Medicare Advantage yo bay lòt pwoteksyon ke Medigap pa bay.

Si ou vle anile polis asirans Medigap ou-a, kontakte konpayi asirans lan. Si ou anile polis asirans Medigap la, ou ka pa kapab jwenn menm, oswa nan kèk ka, nenpòt ki polis asirans Medigap ankò. Si ou gen yon plan Medicare Advantage deja, li ilegal pou nenpòt moun ki vann ou yon règleman Medigap sof si ou ap chanje pou tounen nan Original Medicare. Si ou pa konte kite Plan Medicare Advantage ou a, epi yon moun eseye vann ou yon polis Medigap, rapòte sa bay Depatman Asirans Eta w la.

Si ou rantre nan yon Plan Medicare Advantage pou premye fwa epi ou pa kontan avèk plan an, w ap gen dwa espesyal nan kad lwa federal la pou w achte yon polis asirans Medigap ak yon plan medikaman Medicare si ou retounen nan Original Medicare nan 12 mwa apre w fin rantre nan Plan Medicare Advantage la.

- Si ou te gen yon Medigap anvan ou rantre, ou ka kapab jwenn menm règleman-an si konpayi-an toujou vann li. Si li pa disponib, ou ka achte yon lòt polis asirans.
- Si ou te rantre an yon Plan Medicare Advantage lè ou te fèk kalifye pou Medicare (epi ou pa kontan avèk plan an), ou kapab chwazi nenpòt polis asirans Medigap nan premye ane ou rantre a.

Plan Medigap yo ke yo vann bay moun ki fèk kalifye pou Medicare yo pa pèmèt yo kouvri dediktib pou Part B. Poutèt sa, Plan C ak F yo pa disponib pou moun ki fèk kalifye pou Medicare nan 1ye janvye 2020 oswa apre. Si ou deja genyen oswa te gen Plan C oswa F la ki kouvri w (oswa vèsyon dediktib wo Plan F la) anvan 1ye janvye 2020, ou kapab kontinye plan w lan. Si w te kalifye pou Medicare anvan 1ye janvye 2020 men ou potko anrejistre, ou gendwa kapab peye youn nan plan sa yo ki kouvri dediktib pati B a.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- **Sit Rechèch Plan Medicare**

Konpare plan sante ak medikaman yo pou jwenn kouvèti asirans ki bon pou ou. Ou kapab antre tou medikaman w yo pou jwenn depans ki pi egzak pou plan yo nan zòn ou an. Vizite [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) pou jwenn epi konpare plan ki reponn ak bezwen ou.

- **1-800-MEDICARE**

Sant apèl Medicare la ka ede'w avèk kesyon espesifik sou bòdwo, reklamasyon, dosye medikal, depans, ak plis ankò. Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

- **SHIP (Pwogram Asistans Asirans Sante Leta)**

SHIP se yon pwogram leta-a ki jwenn lajan nan men gouvènman federal la pou bay konsèy asirans sante lokal pou moun ki gen Medicare gratis. SHIP konekte ak nenpòt konpayi asirans oswa plan sante. Volontè SHIP yo ka ede'w ak kesyon oswa enkyetid ou genyen ki konsène Medicare:

- Dwa Medicare ou yo
- Pwoblèm Faktirasyon
- Plent sou swen medikal ou oswa tretman-ou
- Chwa plan yo
- Kijan Medicare travay ak lòt asirans yo
- Jwenn èd pou peye pou depans pou swen sante yo

Ou ka jwenn nimewo telefòn SHIP nan eta kote ou ye-a lè w vizite [shiptcenter.org](https://www.shipcenter.org) oswa rele nan 1-800-MEDICARE.

- **Plan Medicare Advantage yo**

Kontakte plan ki enterese'w la pou plis enfòmasyon sou depans ak kouvèti asirans la.

Aksè a Kominikasyon pou CMS

Pou ede nou asire nou ke moun ki gen andikap yo gen yon opòtinite egal pou yo patisipe nan sèvis, aktivite, pwogram ak lòt benefis nou yo, nou fasilite kominikasyon nan fòm ki aksesib. Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) bay èd ak sèvis oksilyè, tankou piblikasyon, dokiman ak kominikasyon, nan Bray, enpresyon ak gwo karaktè, fichye odyo, sèvis relè ak kominikasyon TTY. Si ou mande enfòmasyon nan yon fòm aksesib ki sòti nan CMS, nou pap ba'w pwoblèm pou pran nenpòt ki tan anplis nesèsè yo bay li. Sa vle di ou pwal jwenn plis tan pou pran nenpòt aksyon si gen yon reta nan ranpli demann ou-an.

Pou mande enfòmasyon sou Medicare oswa Mache Asirans la nan yon fòm aksesib ou kapab:

1. Rele nou:

Pou Medicare: 1-800-MEDICARE
(1-800-633-4227 TTY: 1-877-486-2048)

2. Voye imèl ba nou: bay altformatrequest@cms.hhs.gov.

3. Voye on faks pou nou: 1-844-530-3676

4. Voye on lèt pou nou:

Centers for Medicare & Medicaid Services
Offices of Hearings and Inquiries (OHI)
7500 Security Boulevard, Mail Stop S1-13-25
Baltimore, MD 21244-1850
Attn: Customer Accessibility Resource Staff

Demann ou ta dwe enkli non ou, nimewo telefòn ou, kalite enfòmasyon ou bezwen (si ou konnen), ak adrès postal la kote nou ta dwe voye materyèl yo. Nou ka kontakte-ou pou plis enfòmasyon.

Remak: Si ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage oswa yon Plan pou Medikaman, ou ka kontakte plan w lan pou w mande dokiman yo nan yon fòm ki aksesib. Pou Medicaid, kontakte biwo Medicaid Eta ou-a oswa Medicaid lokal ou-a.

Avi Kont Diskriminasyon

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo (Centers for Medicare & Medicaid Services, CMS) pa eskli, li pa refize bay okenn moun benefis, oswa li pa fè lòt kalite diskriminasyon kont yo, ki baze sou ras yo, koulè po yo, orijin nasyonal yo, andikap yo genyen, sèks yo, oswa laj yo pandan admisyon yo nan, patisipasyon yo nan, oswa pandan y ap resevwa sèvis yo ak benefis yo anba nenpòt nan pwogram ak aktivite yo, kit se CMS ki bay yo dirèkteman oswa yo resevwa yo atravè yon kontraktè oswa nenpòt lòt antite ke CMS gen angajman avèk li pou reyalize pwogram ak aktivite li yo.

Ou ka kontakte CMS nan nenpòt nan fason ki enkli nan avi sa si ou gen nenpòt enkyetid sou jwenn enfòmasyon nan yon fòm ke ou ka itilize.

Ou ka depoze yon plent tou si ou panse ou te sibi diskriminasyon nan yon pwogram CMS oswa aktivite, ki gen ladan ki gen pwoblèm ak jwenn enfòmasyon nan yon fòm ki aksesib soti nan nenpòt ki Plan Medicare Advantage, Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon, Eta oswa biwo Medicaid lokal yo, oswa Plan Sante Kalifye nan Mache Asirans la. Gen twa fason pou pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo pou Dwa Sivil:

1. **Sou entènèt** nan
hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/complaint-process/index.html.
2. **Nan telefòn:** Rele nan 1-800-368-1019. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-800-537-7697.
3. **Alekri:** Voye enfòmasyon sou plent ou a: Office for Civil Rights
 U.S. Department of Health and Human Services
 200 Independence Avenue, SW
 Room 509F, HHH Building
 Washington, D.C. 20201



U.S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES

Centers for Medicare & Medicaid Services
7500 Security Boulevard
Baltimore, Maryland 21244-1850

Aktivite Ofisyèl
Sanksyon pou itilizasyon Prive, \$ 300

CMS Product No. 12026-Haitian-Creole
November 2020

Understanding Medicare Advantage Plans

- Medicare.gov
- 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)
- TTY: 1-877-486-2048

